



Prospect Hill Academy Charter School Enrollment Policy

Entwodiksyon

An akò avèk lwa nan Massachusetts ki gouvènè lekòl endepandan “charter schools” yo, pwosesis enskripsyon nou an pa ni selektif e ni diskriminatwa. Prospect Hill Academy Charter School ouvè a tout elèv nan Commonwealth Massachusetts, epi gen preferans ki bay a timoun ki abite nan Somerville e Cambridge e a timoun ki deja gen frè ak sè nan lekòl la. Admisyon baze sou yon pwosesis lotri epi chak ane nou aksepte aplikasyon pou klas K jiska 9 yèm ane pou nou ka reranpli plas. Lekòl la gen kapasite pou 1,200 elèv nan klas K pou rive nan 12yèm ane epi li pap admèt yon kantite elèv ki depase kantite sa a ou ki depase rapò avan enskription an nan okenn ki ane.

Kritè kalifikasyon

Enskripsyon nan lekòl la ouvè a tout moun ki abite nan Massachusetts nan moman y’ap ranpli aplikasyon an. Li obligatwa pou tout fanmi yo, eksepte fanmi ki sanzabri yo (homeless families), bay prèv adrès kote yo rete kote y’ap soumèt youn nan dokiman sa yo nan moman ke yo ranpli aplikasyon an:

- Yon bòdwo sèvis piblik (pa bòdwo dlo ou telefòn selilè) ki date pa pi plis ke 60 jou.
- Yon pyès ki notarye, papyè pèyman ipotèk ki date pa plis ke dènye 60 jou yo, oswa bòdwo enpo sou pwopriyete ki date pa plis ke yon ane.
- Yon kontra lokasyon ki ajou, Akò Section 8, oswa Afidavi pwopriyete a
- Yon fòm W2 ki date omwen yon ane oswa yon bòdwo pèyman ki date pa pi plis ke dènye 60 jou yo
- Yon deklarasyon/ relve Bankè ou de yon kat kredi ki date pa pi plis ke dènye 60 jou yo
- Yon lèt ki soti nan yon Ajans gouvènman ki apwouve * ki date pa pi plis ke dènye 60 jou yo

* *Ajans gouvènman ki apwouve yo se: Depatman Revni (DOR), Sèvis Timoun e Fanmi (DCF), Asistans Tranzisyonèl (DTA), Sèvis Jèn (DYS), Sosyal Sekirite, nenpòt kominikasyon ki gen antèt lèt leta commonwealth Massachusetts la.*

Si yon elèv pa ta bay prèv adrès oubyen si li ta jwenn prèv ke yon fanmi te bay enfòmasyon ki fo sou adrès kay li ou otreman, aplikasyon an ap anile epi òf admisyon an, si yo te deja ofri’l a elèv la, ap anile. Elèv ki ta konsidere kòm sanzabri yo kalifye pou yo vini e aplike nan lekòl la kèlkeswa mwayen yo pou yo bay prèv adrès. Nan bi pou resevwa preferans pou admisyon ki baze sou adrès, sepandan, lekòl la pral travay avèk elèv ki ka konsidere sanzabri yo endividyèlman pou detèmine kote yo aktyèlman ou tanporèman abite.

An akò avèk règleman Ch.79. 89 (i); 603 CMR 1.06 (4) (d), nan ka kote ofri admisyon a yon elèv, ki pa frè ou sè de yon lòt elèv ki aktyèlman se elèv nan charter school la, figiran sou lis datant lan ta depase limit frè eskolè distri charter school la, yo ta dwe sote elèv la, men kite li nan lis datant la. Nan ka kote enskripsyon yon elèv ki se frè ou sè yon elèv ki deja se elèv nan lekòl la ta depase frè eskolè distri Charter school la, epi lekòl la pat ko aksepte lòt elèv anvan yo aksepte frè ou sè a, yo ka ofri frè ou sè a admisyon epi Commonwealth Massachusetts ap peye pou frè ak sè ya, sijè a apwopriyasyon.

Aplikasyon pou klas jadendanfan “kindergarten” yo dwe gen laj senk (5) an 31 Out nan ane yo planifye pou yo antre nan klas jadendanfan. Okenn elèv pap rete anwole nan lekòl la aprè laj 22 zan.

Prospect Hill Academy Charter School pa diskrimine sou baz ras, koulè, orijin nasyonalite, kwayans ou relijyon, sèks, idantite seksyèl, etnisite, oryantasyon seksyèl, enfimite mantal ou fizik, laj, zansèt, pèfòmans atletik, bezwen espesyal, konpetans nan Lang Anglè oswa nan yon lang etranje, oubyen akonplisman akademik nan tan pase, avan yo te aplike. Pa gen okenn tès ki obligatwa pou admisyon e / oswa aksepte yon elèv nan lekòl la.

Pou asire ke lekòl la atire yon popilasyon elèv ki divèsifye e reprezantatif, li devlope e aplike Plan Rekritman e Retansyon DESE a chak ane. Anplis de sa, pou ede aplikasyon yo ak fanmi yo konprann misyon e apwòch edikasyon

<http://www.phacs.org>

*Prospect Hill Academy Charter School will prepare students for success in college,
inspire a lifelong love of learning, and foster responsible citizenship.*



Prospect Hill Academy, lekòl la òganize evènman Open House “Pòt louvri” nan kòmansman chak sik aplikasyon an. Vini nan yon sesyon Pòt louvri ankouraje, men se pa yon kondisyon obligatwa pou soumèt yon aplikasyon pou admisyon.

Aplikasyon an

Aplikasyon admisyon pou Prospect Hill Academy administre atravè yon Portal admisyon elektwonik e ou ka jwenn aksè ak li anba onglè Admisyon an nan www.phacs.org. Vizitè nan pòtal la ka chwazi pou konplete aplikasyon an nan lang Anglè, Panyòl, Kreyòl Ayisyen, ou Pòtigè. Li gratis pou yon moun aplike nan lekòl la epi li pa gen okenn rekonpans finansye pou rekrute elèv. Yon aplikasyon papye disponib sou demann. Aplikasyon an sèlman mande pou yon sèl siyati elektwonik paran / gadyen epi yo pa mande nimewo Sosyal Sekirite. Fòm elektwonik la mande enfòmasyon espesifik sou aplikan an, tankou: Non elèv (non, non milye, sinyati), dat nesans, vil oswa plas li abite, adrès kay, nimewo telefòn ak nivo klas li ye.

Pi devan, aplikasyon an deklare nan reglèman ki pa-diskriminatwa (non-discrimination policy) lekòl la (ki dekri pi wo a) epi ki enfòmasyon yo ke okenn nan enfòmasyon yo bay yo pa pral itilize pou fè diskriminasyon kont yo. Anplis de sa, aplikasyon an deklare dosye aplikasyon yo ap detwi an akò avèk règleman 603 CMR 23.06 e 23.07 epi aplikan yo gen dwa pou jwenn yon kopi dosye yo avan yo detwi yo. Anfen, konfimasyon imèl ke fanmi yo resevwa lè yo soumèt aplikasyon an deklare: "An akò ak Lwa Edikasyon Endividi ki gen Enfimite (IDEA) e Regilasyon Edikasyon Aprantisaj Anglè (603 CMR 14.00), Prospect Hill Academy bay yon seri sipò ak sèvis pou elèv ki kalifye ki gen andikap e a elèv k'ap aprann anglè. Nou ka jwenn yon deskripsyon sèvis detaye nan seksyon Sèvis Elèv sou sit entènèt lekòl la www.phacs.org."

Pwosesis aplikasyon

Prospect Hill Academy Charter School kòmanse aksepte aplikasyon pou pwochen ane eskolè a chak otòn atravè pòtal admisyon sou entènèt, ki aksesib sou sit entènèt lekòl la www.phacs.org. Fanmi ki pa gen aksè ak entènèt ka vizite lekòl la pou asistans avèk aplikasyon an oubyen ka mande, ranpli, e soumèt yon aplikasyon papye nan chak kanpis nou yo. Tout aplikasyon yo gen yon kòm youn nan kòd sa yo pou ede avèk identifikasyon pou preferans admisyon pandan lotri a:

1. **Frè/sè ***: Timoun ki pataje yon paran biyolojik ou legal an komen ak yon elèv ki deja nan lekòl la nan moman yon òf pou admisyon te fèt.
2. **Fanmi ki abite nan Somerville e nan Cambridge**: Nenpòt aplikan ki abite nan limit vil Somerville ou Cambridge nan moman yon òf pou admisyon te fèt.
3. **Fanmi ki pa abite nan Somerville e nan Cambridge**: Nenpòt aplikan ki abite an deyò de vil Somerville e Cambridge nan moman yon òf pou admisyon te fèt.

** Timoun ki marasa yo konsidere sou baz separe epi yo dwe soumèt aplikasyon endividyèlman. Preferans frè ak sè aplike sèlman si gen yon timoun nan fanmi an ki deja te elèv nan lekòl la nan moman yon òf pou admisyon te fèt.*

Si gen plis aplikan ke espas ki disponib pou nenpòt ki klas, y'ap fè yon pwosesis lotri pou detèmine ki elèv ke yo ap aksepte nan lekòl la. Si gen plis espas ke aplikan pou nenpòt klas patikilye, y'ap aksepte tout aplikan yo.

Lè yo ap fè lotri yo, chak dat limit aplikasyon yo apibliye pou yon minimòm de yon (1) mwa davans sou sit wèb lekòl la epi pwomote sou lòt fòm e materyèl. Prospect Hill Academy pral detèmine kantite plas ki disponib pou chak nivo klas nan lè lotri a. Aplikasyon ke yo te resevwa aprè dat limit aplikasyon an ap anrejistre epi antre nan pwochen lotri a, si yo fè youn nan menm sik aplikasyon an.

<http://www.phacs.org>

*Prospect Hill Academy Charter School will prepare students for success in college,
inspire a lifelong love of learning, and foster responsible citizenship.*



An akò avèk règleman Lwa Charter School M.G.L.c.71; 89, lekòl la ap ranpli plas ki avid nan klas K-9 jiska 15 fevriye. Si yon plas vin avid, pou nenpòt ki rezon, plas la ap ranpli ak moun ki an tèt lis datant la pandan ke y' ap pran an konsiderasyon preferans admisyon, ki ka chanje avèk tan. Si yo fin aksepte tout moun ki nan lis datant lan, après, yon pwosesis lotri pral pran plas. Plas ki vin avid aprè 15 fevriye yo ranpli pou septanm pwochen avèk menm gwoup elèv yo. Elèv ki te kite e ki vle retounen dwe re rantrè pwosesis aplikasyon lekòl la ki dekri anba a.

Premye lotri anyèl e prensipal la jeneralman fèt nan kòmansman mwa mas chak ane epi premye dat limit pou aplikasyon pou nenpòt sik aplikasyon anyèl fikse pou fen mwa fevriye, apeprè 10 jou anvan premye lotri a. après yo ka ajoute yon lotri jiska 15 fevriye nan sik aplikasyon an, se sèlman si lis datant ki te pwodwi pou nenpòt klas nan premye lotri a te fin epwui, ki vle di yo gentan aksepte tout aplikan ki kalifye ki sou lis datant la. Yon lotri elektwonik pral fèt avèk èd yon sistèm lojisyèl lotri ki sètifye, epi yon moun ki net, san patipri, ap konfime pwosesis la jis e seleksyon yo fèt o aza, chwazi san patipri. Yo mete tout aplikan yo nan yon lotri ki fèt patikilyèman pou nivo klas ke yo aplike a. Sistèm lotri elektwonik la ap jenere yon inisyal klasman òd lotri a ki fèt o aza, san yo pa entansyonèlman fè yon chwa yo. Aprè yo te etabli inisyal òd lotri o aza a, yo pral aplike mezi de preferans pou admisyon. Timoun ki deja gen frè ak sè nan lekòl la, kèlkeswa kote yo abite, ap gen preferans admisyon sou timoun ki pa frè ak sè nan lekòl la. Moun ki rete nan Somerville e nan Cambridge ap gen preferans pou admisyon sou moun ki pa abite nan vil sa yo. Dat lotri yo ap afiche sou sit entènèt PHA a omwen yon semèn anvan epi dat lotri prensipal la ap pibliye nan materyèl rekritman elèv yo. Lotri yo ap fèt nan kanpis Early Childhood la nan 15 Webster Ave., Somerville epi yo ouvè a piblik la.

Aplikan yo aksepte nan kanpis kote nivo klas ke yo ye a sèvi. Elèv ke yo te aksepte nan lekòl la, swa nan pwosesis lotri a oswa dirèkteman sou lis datant la, yo avize yo pa imèl si notifikasyon an pran plas anvan lekòl kòmans e pa imèl e telefòn si notifikasyon an pran plas aprè lekòl kòmans. Paran / gadyen yo dwe aksepte akseptans admisyon nan lekòl la atravè pòtal admisyon sou sit entènèt la kote yo te aplike a nan 10 jou aprè dat notifikasyon an si notifikasyon an pran plas anvan 15 out e 3 jou aprè dat notifikasyon an si notifikasyon an pran plas aprè 15 out de yon sik aplikasyon. Aplikan ki soumèt aplikasyon papye yo pral avize pa telefòn epi yo dwe aksepte akseptasyon admisyon nan tan ki mansyone an wo yo atravè telefòn oswa an pèsòn. Si paran / gadyen an ta dwe aksepte akseptasyon an nan yon tan ki akseptab, lekòl la ap fè plizyè tantativ pou kontakte fanmi an. Si yo pa aksepte akseptans pa dat limit repons lan, plas la pral oblije ofri a yon lòt aplikan ki sou lis datant lan. Dekline yon òf nan admisyon final. Si aplikan yo ta chanje lide yo, y'ap oblije reaplike.

Tanpri sonje ke pwosesis aplikasyon lekòl la separe e li pa entegre avèk pa distri nou an. Si pwosesis enskripsyon prensipal la pa reyisi ranpli tout espas admisyon ki disponib oswa espas ki vid pandan ane eskolè a anvan 15 fevriye, lekòl la ka repete pwosesis la nan yon fason ki jis e ouvè avèk anons piblik ki rezonab omwen yon mwa anvan dat limit aplikasyon an.

Règleman lis datant

Aplikan ki pa resewva yon òf pou admisyon atravè lotri yo pral plase sou yon lis datant pou klas yo te aplike a ki baze sou premye lòd lotri a epi pran an konsiderasyon preferans pou admisyon. Fanmi elèv ki rete nan lis yo dwe kontakte lekòl la ak nenpòt chanjman nan adrès yo e sa ka afekte pozisyon yo sou lis datant lan. Si yon espas ta vin disponib, premye elèv ki sou lis datant ki koresponn ak nivo klas li ye a ap jwenn akseptans pou lekòl la e y'ap enfòmè de sa pa imèl e telefòn. Yo pap admèt pyès elèv avan lòt elèv ki kalifye ki te deja plase sou yon lis datant nan yon pwosesis enskripsyon ki te fèt anvan, eksepte nan ka kote preferans enskripsyon chanje oswa jan sa dekri nan Règleman 603 CMR 1.05 (10) (b) .603 CMR 1.05 (8)). Si yon elèv refize yon òf nan admisyon, Lekòl la ap retire non elèv sa a nan lis admisyon an epi avanse avèk pwochen elèv ki kalifye a baze sou pwosesis lotri a.

Lekòl la ap kenbe dosye ki ajou de lis datant lan nan nenpòt sik aplikasyon, ki enkli ladan (non, non milye, sinyati), adrès kay, nimewo telefòn e nivo klas. Sepandan, lis datant yo pa otomatikman kontinye nan pwochen ane eskolè

<http://www.phacs.org>

*Prospect Hill Academy Charter School will prepare students for success in college,
inspire a lifelong love of learning, and foster responsible citizenship.*



a. Aprè 15 fevriye de yon sik aplikasyon, tout aplikasyon yo sou lis datant ap anile. Elèv ki swete konsiderasyon pou pwochen ane dwe re-aplike.

Elèv yo ofri admisyon dwe kòmanse vini nan lekòl la, dapre règleman presans lekòl la, nan lesplas dis (10) jou aprè dat yo prevwa yo kòmanse (tankou premye jou lekòl la). PHA ap konsidere elèv ki pa vini nan lekòl la kòm elèv ki te refize òf admisyon an.

Elèv ki vle Retounen yo

Elèv ki deja se elèv ki anwole nan lekòl la pa bezwen reaplike. Sepandan, elèv k'ap retounen yo dwe konplete yon pwosesis re-enskripsyon pou bay dokiman ki ajou, ki enkli prèv adrès, kontak ijans, e fòm sante jan sa nesesè. Si yon elèv ki anwole pa vin lekòl, règleman e pwosedi ki gen rapò ak prezans yo pral aplike.

Divilgasyon enfòmasyon sou elèv

PHA respekte konfidansyalite elèv li yo e fanmi yo epi li pap pataje enfòmasyon elèv yo bay twazyèm pati sof si lalwa egzije pou fè sa. An akò avèk Règleman 71 G. Seksyon M. G. L., Seksyon 89, Lekòl la pral pataje lis adrès kourye li avèk yon lapòs ki apwouve pa leta sou demann distri lekòl vil yo. Anvan yo pataje'l, chak fanmi PHA avize alekri epi yo bay yo opsyon pou yo chwazi retire adrès yo nan lis adrès y'ap pataje ak lapòs la.